



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO CHWAZI TWA EKIP NAN NÒ NEW YORK KI TE VOYE REPONS BAY DEMANN POU PWOPZISYON POU BILDING EKSPZISYON FWA ETA A

Pi Gwo Espas Ekspozisyon nan Nò Vil New York – Konsèp yo [Isit la](#)

Fwa Eta a Devwale Nouvo “Skyliner Chairlift Ride” ki mezire 1,400 Pye - Premye 100 Pasaje yo ap Monte Gratis

Eleman Final Faz 1 Plan Renovasyon an Gen Ladan Renovasyon Indian Village epitou Nouvo Ekspozisyon ak Pwogramasyon

Renovasyon Fwa Eta a Konplemante Inisyativ “Central New York Rising” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Redinamize Kominote yo e Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo chwazi twa ekip renovasyon ki soti nan Nò New York pou reponn yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo Bilding Ekspozisyon nan New York State Fairgrounds. Nouvo etablisman an, ki mezire 133,000 pye kare, pral gen ladan espas fleksib pou gwo evènman tankou demonstrasyon machin ak vantozechè, espektak pou konsomatè ak komèsan, motokròs, kous chwal, demonstrasyon ekipman, ak lòt evènman ki montre Fairgrounds se yon bon jan destinasyon pou tout ane a. Eta a pral privatize jesyon ak pwomosyon evènman ki pa fè pati Fwa a men k ap fèt nan Bilding Ekspozisyon an. Konstriksyon an ka kòmanse pou pi bonè nan mwa Novanm 2017, e dat pou l fini konplètman an pral kowenside ak Fwa Eta 2018 la. Yo atann aske li kreye plis pase 700 djòb nan domèn konstriksyon. Konsepsyon grafik disponib [isit la](#).

“Avèk nouvo Bilding Ekspozisyon an, n ap pèmèt Fwa Eta a vin pi bèl toujou; l ap atire plis vizitè ak lajan nan rejyon an, epi l ap kore kwasans ekonomik nan kominote a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Fwa Eta a se yon enstitisyon anblematik nan New York Santral, e grasa envèstisman nou fè pou bati plizyè douzèn nouvo ekspozisyon, manèj ak atraksyon pou moun ki vin nan fwa a, n ap transfòme fwa a pou fè l tounen yon destinasyon touristik klas mondyal.”

Gouvènè an te anonse tou Gwo Fwa Eta New York 2017 la, k ap selebre plizyè eleman kle ki fè pati plan 120 milyon dola li a pou redinamize Fairgrounds nan Konte

Onondaga. Pwojè renovasyon sa yo, tankou paregzanp yon nouvo manèj “Broadway Skyliner”, reparasyon nan Indian Village, ak yon nouvo anplasan pou ekspozisyon popilè Lapolis Eta New York la, ansanm avèk nouvo ekspozisyon ak pwogramasyon, amelyore tout bon eksperyans vizitè yo, e asire Fwa a kontinye sèvi kòm motè ekonomik pou rejyon New York Santral la.

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di, “Konte Onondaga fyè pou li akeyi Fwa Eta New York la, yon atraksyon klas mondyal e yon motè ekonomik. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo ak envèstisman li fè, Fwa Eta a pi bon pase anvan, e nou pral kontinye amelyore li pou atire plis vizitè ak lajan nan New York Santral. Mwen envite tout moun mennen fanmi yo nan Fwa a epi vin dekouvri tout sa li gen pou l ofri.”

Bilding Ekspozisyon

Bilding Ekspozisyon an, ki mezire 133,000 pye kare, se va pi gwo espas ekspozisyon nan nò Vil New York, epitou pi gwo ki genyen ant Boston ak Cleveland. Nouvo espas la pral pèmèt Fwa Eta New York la fè konkirans pi byen pou pi gwo evènman nasyonal ak entènasyonal ki genyen, tankou demonstrasyon bèt, kous chwal, ak evènman espòtif. Avèk Building Ekspozisyon an, Fairgrounds pral gen 450,000 pye kare espas enteryè ki gen lè kondisyone.

Tout ekip ki te soumèt repons bay Demann pou Kalifikasyon an (Request for Qualifications), ki te soti nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) nan mwa Jiyè, yo te konsidere yo kalifye pou patisipe nan RFP.

Ekip yo se: HBP, yon antrepriz jwent ant Hueber-Breuer Construction Inc., nan Syracuse, ak The Pike Company, nan Rochester; LeChase Construction, nan Rochester; e Welliver McGuire Inc., nan Montour Falls.

Achitekti nouvo bilding lan pral konplete stil istorik lòt bilding ki sou teren yo, epi pèmèt fleksibilite pou yon gran varyete evènman, tankou paregzanp syèj ki detachab e retraktil, epi aksè pou omwen 4,000 kliyan. Building lan genyen tou yon pòte lib omwen 250 pye e yon wotè lib omwen 60 pye.

Bilding lan pral gen ladann waf, gwo pòt pa anlè, ak espas pou prepare evènman, seksyon VIP, konsesyon ak restorasyon. Yo pral renove lokal la, avèk paregzanp wout daksè, pasaj, ak sèvis piblik. Konsepsyon an pral eseye esplwate omaksimòm teknoloji enfastrikti vèt e dirab. Konsepsyon grafik disponib [isit la](#).

Delè pou repons bay RFP se pral mwa Oktòb.

Anplis de sa, pou kapab esplwate omaksimòm nouvo Building Ekspozisyon an ak teren 152 ekta Fwa Eta a, eta a pral pibliye yon RFP otòn sa a pou pwogramatè / manadjè kabap òganize aktivite prive ki pa gen rapò ak fwa a. Sa va atire e ankouraje lòt demonstrasyon ak evènman pou jou pa gen Fwa pandan ane a.

Aktivite ki pa gen pou wè avèk fwa a, sa ki gen ladan 90,000 moun yo te estime ki te vini nan salon otomobil klasik Syracuse Nationals la ak nan de konkou chwal popilè, fè

kantite moun nan rive ant kòmansman ane 2017 la ak jodi a, a 560,929 - ki deja depase 529,000 ki te genyen an 2016.

Nouvo Ekpozisyon ak Pwogramasyon pou 2017

Anplis de anons RFP pou nouvo Bilding Ekspozisyon an, Gouvènè a te diskite plizyè aspè nouvo Fwa a pou ane 2017 la.

Broadway Skyliner, manèj tou nouvo, tou bo a, te kòmanse fonksyone pandan Wade Show Midway, e Gouvènè an te monte nan manèj la pou premye fwa jodi a. Skyliner te fè pati Faz 2 renovasyon Fairgrounds yo. Skyliner pral pote pasaje yo monte apeprè 34 pye anlè epi mennen yo nan yon pakou sèt minit, 1,400 pye soti nan yon bout Midway a rive nan lòt bout la, plis pase yon ka mil. Chak jou, premye 100 pasaje Skyliner yo monte gratis.

Ekspozisyon Lapolis Eta New York la, ki se youn nan arè ki pi popilè nan Fwar la, ale nan yon nouvel lekalite tou prè Bilding Ôtikilti an (Horticulture Building) lonè 100em anivèsè. Yo te renove zòn lan, ki gen ladan de bilding, pou ajoute yon nouvo tou an asye Twoupè yo pral itilize pou demonstrasyon ladesant yo chak jou, ak yon nouvo tank pou plonje. Youn nan bilding yo ap gen yon similatè pou demontre danje ki genyen lè moun ap voye mesaj pandan yo dèyè volan, yon espas pou krim mediko-legal, ansanm ak yon Mi Rekonesans (Wall of Honor) anvè Twoupè ki pèdi lavi yo, epitou yon kote pou moun enskri pou yo pran egzamen Twoupè a. Lòt bilding lan pral gen yon ekspozisyon k ap selebre Santenè Twoupè yo.

Yon nouvo ekspozisyon I LOVE NEW YORK pral mete aksan sou pi bèl destinasyon touristik ki genyen nan Eta New York nan zèl nò Bilding “Center of Progress” (Sant Pwogrè). Vizitè yo ap gen opòtinite pou yo eseye estasyon “selfie” ki prezante aktivite kannotaj, lapèch, avèk aktivite alpinism ki gen nan New York, epitou jou kous nan Watkins Glen International.

Nan Indian Village, yon te renove e restriktire yon nouvo Turtle Mound pou li sanble ak yon tòti, yon bèt ki sakre pou Irokwa yo. Li pral yon kote y ap fè dans tradisyonèl twa fwa pa jou. Vilaj la te resevwa nouvo twati tou sou bildings li yo ak lòt renovasyon k ap fèt ankò.

Moun k al nan fwa a ap gen plizyè nouvo opòtinite pou pran leson sou agrikilti Eta New York. Ap gen nouvo toune etab yo pou elaji espas Taste NY nan Bilding Ôtikilti a (Horticulture Building), e Fwa Eta a ap kontinye ankouraje endistri agrikòl la pandan l ap selebre tradisyon moun pi pito, tankou paregzanp gode 25 santim lèt byen fre a, avèk kabin pòmte 1 dola a.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Fwa Eta New York la ap vin pi bon chak kou. Grasa lidèchip Gouvènè a, e kòm rezilta vizyon li, nou wè gwo amelyorasyon sou teren an pandan de dènye sezon yo, sa ki te atire plis vizitè e kore ekonomi rejyonal la. Ane sa a, nou kontan selebre achèvmman plizyè pwojè nan Faz 1, epi kòmanse pwosesis aplikasyon Faz 2, san nou pa sispann onore tradisyon agrikiltirèl fwa a, amizman, ak plezi pou lafanmi. N ap kontan 13 jou Fwa yo ane sa a.”

Komisè OGS la, RoAnn Destito te di, “Gouvènè Cuomo souvan pale de kote etonan moun gen pou vizite isit la, nan Eta nou an, e mwen pa panse gen yon fason ki pi bon pou selebre ete a nan New York Santral, pase yon jou nan Fwa a. Gwo Fwa Eta New York la se yon tradisyon anpil fanmi pataje depi plizyè jenerasyon, menm jan avèk fanmi pa mwen. Se poutèt sa mwen kontan poutèt Biwo Sèvis Jeneral la ede fè eksperyans la vin pi bon chak ane grasa renovasyon sou teren an, nan ekspozisyon yo, ak nan enfrastrikti a.”

Direktè Enterim Fwar la, Troy Waffner, te di, “Se yon bagay enkwayab lè ou gade sa k ap pase nan Fairgrounds nan, epi pou w wè tout bagay an plas. Pwojè renovasyon yo fè kè nou kontan, ansanm ak pwogram fòmidad, nouvo ekspozisyon ak amizman nou pare pou moun k ap vin nan fwa a ane sa a. Pran an kont eksitasyon akòz konstriksyon nouvo Bilding Ekspozisyon an, e w ap wè ane sa a pwomèt l ap depase tout ane anvan yo.”

Akselere “Central NY Rising”

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Fwa Eta New York la ki òganize pa Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets) ap fonksyone kòmanse 23 Out pou fini 4 Septanm 2017. Misyon Fwar la, reflète nan tèm li an, “FIND YOUR GREAT”, (Jwenn Grandè w), pou ekspoze pi bon agrikilti New York genyen pandan l ap ofri bon jan kalite amizman premye ran.

Kote yo fè Gwo Fwa Eta New York la se yon konplèks pou espektak ak espozisyon ki mezire 152 ekta eki fonksyone pandan tout ane a. Wap jwenn pwogram aktivite yo pandan tout ane a ki disponib sou sitwèb Fwa la. Ou kapab jwenn Gwo Fwa Eta New York la sou Facebook, swiv li nan @NYSFair sou Twitter, sou Snapchat nan nysfair, epi pwofite gade foto Fwar lan yo sou Flickr.com/photos/nysfair. Eitou, nou ankouraje Nouyòkè yo pou voye nenpòt lide yo genyen sou Gwo Fwa Eta New Yorklan nan adrès imèl sa statefairideas@agriculture.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418